

DWÒG AK ADOLESAN YO

Nou konnen ke dwòg yo nwizib. Men adolesan yo kontinye itilize yo. Itilize sa kòm yon gid pou konnen poukisa, kisa, ak kijan yo itilize dwòg ak alkòl la.

PREMYÈMAN, POUKISA ADOLESAN YO ESEYE DWÒG YO?

1. Lòt moun, zanmi, ak presyon kamarad yo
2. Medya popilè yo
3. Pou echape
4. Annwi
5. Satisfaksyon touswit
6. Pou gen plis konfyans
7. Fo enfòmasyon



DWÒG AK ADOLESAN: KI TANDANS KI GENYEN?

- 66% elèv yo te eseye alkòl distans pou klas 12yèm ane.¹
- Anviwon 50% nan elèv klas 9 yèm jiska 12 yèm ane yo te deklare ke yo deja konsome mariwana.¹
- Anviwon 40% nan elèv 9 yèm jiska 12 yèm ane yo te deklare ke yo te eseye sigarèt.¹
- 62% adolesan yo nan klas 12 yèm ane te konsome alkòl.²
- 85% nan adolesan yo nan Delaware te deklare ke yo te konsome mariwana nan dènye mwa a.²
- Nan moman yo vin nan klas 12 yèm ane, 46.6% nan adolesan yo te eseye dwòg ki ilegal.²
- Vapotaj Mariwana pami elèv 12 yèm ane yo te prèske double nan yon sèl ane jiska 14 % soti nan 7.5%—dezyèm pi gran ogmantasyon anyèl ke yo pa te janm anrejistre pou okenn sibstans nan istwa sondaj NIDA a.³

KI DWÒG KI GENYEN DEYÒ A?

Kèk nan dwòg ki plis kouran ke adolesan yo itilize yo se alkòl, mariwana, opyoyid, tout kalite konprime sou preskripsyon, ak methamphetamine.

KIJAN MWEN KA IDANTIFYEYO?

Li ka difisil pou di kilè adolesan yo ap itilize dwòg oswa alkòl. Men kèk siy komen pou chèche lakay adolesan ou an:

Imè	Konpòtman	Aparans	Sante
<ul style="list-style-type: none">• Retrè• Mwens motive• Ostil• Sekrè• Pa kapab konsantre• Ipè	<ul style="list-style-type: none">• Pèt enterè nan lekòl, travay, oswa nan lòt aktivite yo• Evite kontak zye• Kòmanse vewouye pòt• Disparèt souvan• Li sekrè avèk itilizasyon telefòn li• Li souvan fè ekskiz	<ul style="list-style-type: none">• Odè lafimen• Plis dezòd pase dabitid• Move ijyèn• Machwè oswa vizaj ki wouj• Boule oswa pwèn sou dwèt oswa sou po bouch li• Tras sou bra oswa janm li yo	<ul style="list-style-type: none">• Malad anpil• Fatige anpil• Langaj li bwouye oswa rapid• Nen senyen• Doulè nan zòn bouch• Chanjman pwa toudenkou, chanjman pwa dramatik• Gratèl leve sou po oswa ekimoz• Transpirasyon souvan• Kriz ak/oswa vomisman

KIJAN DWÒG AK ALKÒL AFEKTE SÈVO A?

- Twoub memwa, ki genyen ladan twou memwa, ke adolesan yo plis sansib avèk yo pase adilt yo paske sèvo yo toujou an devlopman
- Mwens sansib ak sedasyon alkòl, sa ki rann twòp konsomasyon alkòl la trè pwobab
- Move priz desizyon ak move kontwòl enpilsyon
- Diminisyon konpetans pou mouvman ak ekilib
- Reta nan devlopman fonkyònman egzekitif (jijman, òganizasyon, reyalizasyon tach yo)
- Repons emosyonèl ki pa gen matirite epi ki egzajere ak sitiyaasyon yo
- Ogmantasyon risk pou adiksyon, espesyalman si li kòmanse itilize l nan yon laj ki jèn
- Santiman egzajere (rezilta ki posib pou konsomasyon dwòg), ki mennen nan yon sik emosyon ki mennen adiksyon nan yon efò pou jere emosyon sa yo

KISA NOU KA FÈ POU EDE ADOLESAN YO EVITE DWÒG AK ALKÒL?

Dwe enplike yo. Konsantre sou lè ki apwopriye ki pèmèt ou resevwa yon satiman konsènan enterè ak aktivite yo, ak fason yo pase tan yo.

Pale. Bon jan pale. Paran ak edikatè yo ka pi gwo enfliyan pou yon adolesan. Kesewa ou konnen l oswa ou pa konnen, y ap koute. Fè yo konnen ke sa enpòtan pou ou.

Poze kesyon ki ouvè. Poze yo nan yon fason ki san jijman, ki ouvè, pou ou genyen tout chans pou resevwa yon repons ki onèt.

Rete ouvè. Eseye montre yo ke ou vle konprann fason yo santi yo ak ki tantasyon yo te fè fas. Asire w ke yo konprann fason ou santi w tou.

Pataje avèk yo. Ane adolesans yo difisil. Pa w la pwobableman te difisil tou. Adolesan yo kapab etone pou aprann ke oumenm tou ou te genyen presyon ak tantasyon pou konsome dwòg oswa alkòl. Raple yo ke w ap sipòte yo epi yo ka fè w konfyans. Bay yon bon egzant nan modelize konpòtman ki an sante pandan w ap bwè yon fason ki responsab.

Konsève preskripsyon yo yon fason sekirize. Kapab genyen medikaman ki danjre lakay la oswa nan lekòl la, menm youn ki preskri pa yon founisè swen sante.

Pandan adolesan yo ap aprann konsènan dwòg y ap pran pou amize yo a, yo kapab eseye pou wè sa yo ka jwenn.

- Asire w ke preskripsyon yo konsève an tout sekirite.
- Jwenn yon lye lokal kote pou elimine medikaman ki rete, ki ekspire, oswa medikaman ki pa itilize yo nan **HelpsHereDE.com/DropBox**.



¹ Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a

² U.S. National Institute on Drug Abuse (NIDA), Ankèt sou Siveyans Lavni, 2021

³ U.S. National Institute on Drug Abuse (NIDA), Ankèt sou Siveyans Lavni, 2019

KI LÒT BAGAY MWEN KA FÈ?

Ou ka vizite talk2kidsaboutdrugs.com pou jwenn enfòmasyon de konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.